# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–08 मार्च 2025 — भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गौतमबुद्धनगर के सेक्टर एक सौ बत्तीस में सिफी डाटा सेंटर क उद्घाटन कइलें। ऐह मौका पर उहां के कहलीं कि देस कारोबारी सुगमता के क्षेत्र में बड़हन छलांग लगवले हवे। गौतमबुद्धनगर के अपने दौरा के दौरान मुख्यमंत्री ग्रेटर नोएडा में सारदा केयर हेल्थ सिटियो क लोकार्पण कइलें। ऐह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रदेस में पछिला आठ साल में चालीस नया मेडिकल कॉलेज बनावल गइल हवें। एकरे अलावे नीजि क्षेत्र में सैंतीस अउर पीपीपी मॉडल पर तीन मेडिकल कॉलेज बनावल गइल हवे।

**कॉलेज ऐसे बने हैं जो पीपीपी मोड पे जिसमें गवर्नमेंट ने भी अपनी पॉलिसी वन डिस्ट्रिक वन मेडिकल कॉलेज की जो जनपद ऐसे थे जहां पर न निजी क्षेत्र के न गवर्नमेंट ने कोई मेडिकल कॉलेज बना पाया था, वहां पर हम लोगों ने नये मेडिकल कॉलेज स्थापना करने के लिये जो कदम बढ़ाये उस क्रम में भी नये मेडिकल कॉलेज– महराजगंज जनपद में, सम्भल में और शामली में बनकर के तैयार हो चुकी है। इस सत्र में उसमें एडमिशन एनएमसी ने कर दिया।**

मुख्यमंत्री स्वास्थ्य सेवा के क्षेत्र में सरकार के प्रतिबद्धता के दोहरावत कहलें कि देस में सबसे बेसी दस करोड़ि लोगिन के आयुष्मान भारत क गोल्डेन कार्ड उत्तर प्रदेस में दिहल गइल हवे।

**********

आजु पूरा देस में महिला दिवस मनावल जा रहल हवे। ऐह मौका पर प्रदेस के सज्जो जिलन में कइगो कार्यक्रमन क आयोजन कइल गइल हवे। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ महिला दिवस पर समस्त मातृसक्ति के बधाई अउर सुभकामना दिहले हवें। प्रदेस के कइगो जिलन में आजु गोष्ठियन, रैलियन अउर सम्मान समारोह क आयोजन कइ के समाज अउर राष्ट्र के विकास में महिला सक्ति के योगदान क सराहना कइल गइल। वाराणसी के बनारस रेल इंजन कारखाना के प्रेक्षागृह में आयोजित एगो कार्यक्रम के दौरान कारखाना से रिटायर होखे वाली महिला करमचरियन के खास तौर से सम्मानित कइल गइल।

**********

आकाशवाणी समाचार आजु एगो अलगि अउर अनूठा अंदाज में अंतरराष्ट्रीय महिला दिवस मना रहल हवे। आजु हिन्दी अउर अंग्रेजी क सज्जो समाचार बुलेटिन महिला समाचार वाचक की ओरि से पेस कइल जा रहल हवे।

***आज के सभी मुख्य और प्रति घंटे के बुलेटिन तथा हिन्दी और अंग्रेजी के समाचार पत्रिका कार्यक्रम भी महिला वाचकों द्वारा प्रस्तुत किये जा रहे हैं। इसके अलावा आज हिन्दी और अंग्रेजी समाचार कक्ष के पूरे कामकाज का संचालन भी आकाशवाणी समाचार सेवा प्रभाग की महिला कर्मचारी कर रही हैं। समाचार सेवा प्रभाग आज रात सवा नौ बजे से दस बजे तक अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवस पर विशेष परिचिर्चा प्रसारित करेगा। दिवाकर की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से करिश्मा रॉय।***

**********

बुंदेलखण्ड विश्वविद्यालय झांसी के संयोजन में आयोजित होखे वाले राज्य संयुक्त बीएड प्रवेस परीक्षा बदे ऑन लाइन आवेदन करे क आखिरी तारीख के बढ़ा दिहल गइल हवे। अबहिन ले ऑन लाइन आवेदन करे क आखिरी तारीख आजु ले तय रहल। अब अभ्यर्थी पचीस मार्च ले ऑन लाइन आवेदन कइ सकिहें। सथही एक अप्रैल ले बिलंम सुल्क के साथे ऑन लाइन आवेदन कइल जा सकी।

**********

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जेपी नड्डा घोसणा कइले हवे कि सरकार अगिला पांच साल में चिकित्सा क्षेत्र में पचहत्तर हजार नया सीटि बढवले पर विचार कइ रहल हवे। श्री नड्डा नई दिल्ली के भारत मंडपम में अंतरराष्ट्रीय स्वास्थ्य प्रौद्योगिकी मूल्यांकन संगोष्ठी के उद्घाटन सत्र के संबोधित करत रहलें। स्वास्थ्य मंत्री कहले कि बरिस चौदह के बाद से देस में मेडिकल कॉलेजन के संख्या में एक सौ एक फीसदी क बढ़ोत्तरी भइल हवे।

**********

होली परब के मौका पर रंग भरी एकादसी से पहिले बनारस के श्री कासी विश्वनाथ मंदिर न्यास की ओरि से आजु श्रीकृष्ण जनमस्थान मथुरा में विराजमान लड्डू गोपाल के उपहार क समान भेजल गइल। ऐही तरियन श्रीकृष्ण जनमस्थान मथुरा से भगवान लड्डू गोपाल की ओरि से श्री कासी विश्वनाथो जी के समारोह पूर्वक भेंटि भेजल गइल हवे। मथुरा से मिलल उपहार के बिहने भिन्नही साढ़े छौ बजे समारोह पूर्वक ग्रहण कइ के भगवान विश्वनाथ से अवलोकित करावल जाइ। श्रीकृष्ण जनमस्थान मथुरा से मिलल रंग, अबीर, गुलाल क प्रयोग रंगभरी एकादसी अउर होली के तिउहार पर भगवान विश्वनाथ के चढ़वले में कइल जाइ।

**********

ऐह साल फेर रामनवमी के दिन ठीक दुपहरिया बारह बजे रामलला के माथे पर सूर्य क किरण तिलक करिहें। श्रीराम मंदिर निरमाण समीति के बइठकी में सामिल होखे बदे आजु अजोध्या पहुंचल समीति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्र ई जनाकरी दिहले के साथे उम्मीदो जतवले कि पनरह अप्रैल ले राम मंदिर का निरमाण पूरा हो जाइ। उहां के बतउलीं कि राम मंदिर के सिखर पर निरमाण तेजी से चलि रहलि हवे। ऐह में अट्ठारह कड़ी बने के हौ, जेहमें से ग्यारह कड़ी बनि के तइयार हो गइल हवे।

**********